

Tèm Referans: Konsiltan sou pèspektiv fanm ak tifi andikape (Baze nan espas pa li; deplasman Jakmèl ak lòt kote nan divès depatman peyi dAyiti)

KONTEKS

Depase Fwontyè Yo se yon fondasyon kap travay pou kore mouvman sosyal ann Ayiti. Fondasyon sa vize kore senk (5) mouvman prensipal nan peyi a : Mouvman pou libere timoun ki nan eksplwatasyon ak esklavaj ; Mouvman pou fini ak vyolans sou fanm ak tifi ; Mouvman pou tout timoun jwenn aksè ak yon edikasyon kalite ; Mouvman pou pèmèt moun soti nan povrete ekstrèm ; Mouvman pou chanje vizyon misyonè etranje sou peyi Dayiti. Pou operasyonalize vizyon sa yo, Depase Fwontyè yo mete kanpe twa (3) pwogram ki se : Inisyativ Kominote Modèl Riral (IKM Riral) ; Inisyativ Kominote Modèl Lavil (IKM Lavil) ; Repanse Pouwva.

Nan kad yon pwojè pou anpeche vyolans sou fanm ak tifi andikape, fondasyon an ap chèche pou pwogram li ki tabli nan Jakmèl yon konsiltan ki fò nan domèn dwa fanm ak tifi andikape pou ede nan divès aktivite pwojè a epi nan atenn objektif pwojè a an jeneral.

I. OBJEKTIF KONSILTASION AN

Fondasyon an ap chache yon konsiltan ki pou travay an kolaborasyon avèk yon Ekip ki fòme avèk manm ki soti nan plizyè Òganizasyon/Pwogram epi manm rezo li. Ekip la te deja kreye materyèl kominikasyon ki trete zafè vyolans sou fanm ak tifi andikape e te koumanse facilite manm kominote sèvi ak materyèl sila yo. Kounye a li genyen pou li finalize pilòt materyèl yo epi akonpanye nan fòme manm Òganizasyon ki pou facilite manm kominote yo sèvi ak materyèl yo.

Konsiltan an ap ede manm Ekip la asire materyèl yo ak enplemantasyon yo otantik, efikas, san yo pa charye okenn lide negatif ki pote plis prejije ak diskriminasyon sou fanm ak tifi andikape. Konsiltan an ap suiv tès ak enplemantasyon pou ede diminye posibilité devyasyon nan itilizasyon materyèl kominikasyon yo tou. Epi ede finalize Modil la.

II. DESKRIPSYON JENERAL KONTRA A ak RESKONSABILITE KONSILTAN AN

- Patiste, bay dizon ak konsèy ak tout aktivite ki konsène pwojè sou vyolans sou fanm ak tifi k ap viv ak andikap
- Suiv diferan fòmasyon chak Pwogram/Òganizasyon ki enplike nan travay la ap fè
- Prezan nan tout seyans / atelye travay lè Fondasyon an planifye sa
- Pran nòt epi ekri tout dokiman ki gen rapò ak travay la pou Pwogram / Òganizasyon an
- Patiste nan tout echanj lè Fondasyon an planifye sa, e pataje remak ak fidbak ekri sou tout fòmasyon, rankont, tès
- Pataje enfòmasyon ki pèmèt Ekip la konprann eksperyans fanm ak tifi andikape ki kapab viv nan divès sitiyyason
- Suiv ak yon je kritik pwosesis pwodiksyon materyèl ak fòmasyon pou moun kapab sèvi ak materyèl yo epi fè remak / rekòmandasyon
- Patiste nan eksperyans k ap fèt ak lòt òganizasyon nan kominote kote òganizasyon yo travay nenpòt kote nan peyi a

- Bay sipò avèk tout lòt rekòmandasyon ki kapab penmèt enplemantasyon pilòt la reyisi
- Patisipe nan redaksyon final Modil la
- Remèt Fondasyon an yon rapò chak mwa ki genyen an anèks tout remak / rekòmandasyon ki te fèt pandan peryòd la
- Dakò pou li konfòme l ak tout egzijans Fondasyon an bay sou pwoteksyon timoun ak benefisyè, pwoteksyon kont abi/eksplwatasyon seksyè
- Dakò pou li peye taks jan lalwa mande a; kouvri asirans medikal li
- Responsab frè transpò lokal (andann kominate yo), sèvis entènet li ak komunikasyon telefòn.

III. TRAVAY POU LIVRE

Konsiltan dwe livre yon rapò aktivite detaye li reyalize chak mwa ki akonpanye fakti pèyman li (selon barèm lan) plis timesheet li sou peryòd la

IV. DIRE ak DAT LIMIT

Travay la, ki pa plen tan men ki mande fleksibilite, ap fèt sou tout peryòd pwojè a men yon premye kontra ap tabli pandan Desanm 2020-Jen 2021.

Kantite èdtan pa semenn varye selòn kalandriye aktivite nou prevwa; sa genyen pou li diskite avèk òganizasyon an nan kad kontra a. Men an jeneral li p ap depase 80 èdtan pa mwa. Kèk fwa konsiltan kapab oblige fè deplasman jou wikenn oswa nan jou konje nasyonal nan kad aktivite nou.

V. RESKONSABILITE DEPASE FWONTYE YO

Fondasyon Depase Fwontye yo ap bay konsiltan mwayen ki nesesè pou akonplisman travay la tankou :

1. Pataje tout dokiman referans ak kowòdone pwen fokal chak òganizasyon patnè sipò teknik lè sa nesesè.
2. Transpò soti vil kote li baze (si se pa Jakmèl) ak lòt kote nan peyi a lè sa a se yon obligasyon pou konsiltasyon an se sou kont Depase Fwontye yo.
3. Depase Fwontye yo ap founi yon odinatè pou fasilité objektif travay konsiltan an, ki dwe remèt nan bon fòm ak kondisyon nan fen konsiltasyon an.
4. Peye konsiltan an chak mwa selon yon fakti li jwenn nan men Konsiltan an ak rapò aktivite li remèt.
5. Pataje avèk konsiltan tout komunikasyon ki konsène l
6. Asire swivi ak planifikasyon bò kote òganizasyon patnè li yo pou fasilité travay konsiltan an

VI. PWOFIL KANDIDA

- Bon jan konpreyansyon ak eksperyans sou reyalite fanm / tifi andikape.
- Eksperyans travay avèk fanm / tifi andikape.
- Eksperyans travay ak Òganizasyon / gwoup ki ankadre moun andikape.
- Konesans sou dwa fanm ak tifi, sou repons oubyen prevansyon kont vyalans sou fanm ak tifi (se yon diplis).
- oubyen eksperyans pèsonèl avèk yon andikap vizib.
- Kapasite pou travay an ekip yon fason konstriktif.
- Bon konpetans nan komunikasyon: ekri epi pale Kreyòl trè byen.
- Discipline, motive, onèt, merite konfyans.
- Kapasite pou koute ak pran an kont lide lòt moun epi fè echanj pozitif.
- Kapasite pou aji ak tout moun ak menm nivo respè, kèlkeswa estati sosyal moun yo.

VII. EGZIJANS pou DEPOZE APLIKASYON

Tout moun ki enterese epi ki panse yo kalifye pou travay sa a, tranpri, voye yon dosye konplè avèk tout dokiman ki mande yo nan adrès sa a travaysasa@gmail.com **anvan lendi 30 Novanm 2020 pou pita:**

1. Yon CV
2. Pwofòma pou konsiltasyon an
3. Yon lèt motivasyon 1 paj an Kreyòl ki genyen ladan n:
 - Non ak Siyati w
 - Pou ki konsiltasyon w ap pòstile (“Konsiltan sou pèspektiv fanm ak tifi k ap viv ak andikap”)
 - Poukisa ou enterese ak konsiltasyon an
 - Ki eksperyans ou genyen ki fè ou bon pou konsiltasyon an
 - Denyè domèn konsiltasyon li fè, si genyen
 - Enfòmasyon kontak
3. De (2) referans (nimewo telefòn ak adrès kourye elektwonik moun oubyen enstitisyon) ki kapab pwouve travay/aktivite ou te fè oubyen eksperyans ou genyen nan domèn nan.

Lè ou aplike pou travay konsiltasyon sa a ekri “Konsiltan sou pèspektiv fanm ak tifi andikape...”.
Oubyen tou, ou kapab pase depoze dosye w la tou nan **Ri Bote # 28, Breman (nan rantre Lambert a) Jakmèl.**

N.B. Depase Fwontyè yo, se yon anplwayè ki lofri tout moun menm lopòtinite. Nou ankouraje moun ki ap viv ak yon andikap, fanm ak manm gwoup ki depi lontan ki majinalize yo aplike.